

Wacanen kanthi teliti kanggo soal nomor 1 – 5

Pahlawan Nasional Ir Soekarno

Ir Soekarno minangka salah sawijining tokoh pahlawan nasional. Miyos ing Blitar tanggal 6 Juni 1901. Nalika Soekarno cilik, dheweke ora manggon karo wong tuwane sing ana ing Blitar. Dheweke urip karo kakange, Raden Hardjokromo ing Tulung Agung, Jawa Timur. Soekarno malah sekolah ing kana sanajan ora rampung, amarga dheweke kudu nggabung karo wong tuwane sing nalika kuwi pindah menyang Mojokerto. Ing Mojokerto, Soekarno banjur dikirim menyang sekolah ing Sekolah Eerste Inlandse ing ngendi bapakne uga ana ing kono minangka guru. Nanging banjur ditransfer ing taun 1911 kanggo ELS ing tingkat sekolah SD supaya siap mlebu HBS ing Surabaya. Sawise lulus lan nekani HBS ing taun 1915, Soekarno banjur manggon ing omahé Haji Oemar Said Tjokroaminoto utawa HOS Cokroaminoto sing dadi kanca saka bapak Soekarno. Soekarno dikenalake jroning perjuangan sing ndadekake dheweke dadi pejuang sing sejati.

1. Sapa tokoh pahlawan sing dicritake?
 - a. Raden Hardjokromo
 - b. Ir Soekarno
 - c. Haji Oemar Said Tjokroaminoto
 - d. Soedirman
2. Miyos ing tanggal pira Ir Soekarno?
 - a. 9 Juni 1901
 - b. 7 Juni 1901
 - c. 6 Juni 1901
 - d. 8 Juni 1901
3. Manggon ing kutha ngendi Ir Soekarno lair?
 - a. Malang
 - b. Surabaya
 - c. Solo
 - d. Blitar
4. Apa irah – irahan carita ing nduwur?
 - a. Pahlawan Nasional Ir Soekarno
 - b. Pahlawan Nasional Bung Hatta
 - c. Pahlawan Nasional Soedirman
 - d. Pahlawan Nasional Cut Nyak Dien
5. Ana ngendi bapake Ir Soekarno dadi guru?
 - a. Sekolah Eerste Inlandse
 - b. Sekolah Rakyat
 - c. Sekolah Hindia Belanda

- d. Sekolah Nasional Belanda
6. Lelandhesan utawa ide pokok sing ana ing geguritan yaiku ...
 - a. Irah- irahan
 - b. Purwakanthi
 - c. Undheran / tema
 - d. Guru gatra
7. Ana ing tlatah ngendi Ir Soekarno manggon karo kangmase?
 - a. Blitar
 - b. Tulung Agung
 - c. Pacitan
 - d. Trangalek
8. Ing taun pira Ir Soekarno manggon ing omahe Haji Oemar Said Tjokroaminoto ...
 - a. 1915
 - b. 1920
 - c. 1923
 - d. 1955

Kali Cilik Ngarep Omahku

(Dening : Eko Nuryono)

Kali cilik ing ngarep omahku kuwi

Saiki banyune buthek, kebak lendhut

Ijone lumut lan iwak-iwak cethul

Kang biyen lelumban ing selane watu

Saiki kaganti lumut lan uget-uget

Kali cilik ing ngarep omahku kuwi

Biyen resik lan bening banyune

Nalika sekolah biyen aku tansah

Lungguh jejagongan karo sikil ongang-onggang

Sinambi namatake mripat kang bening

Kasongan, mei 2008

Kapetik saka Antologi crita cekak lan geguritan "pasewakan

Kongres Sastra Jawa III/2011

9. Geguritan kasebut irah-irahane yaiku ...
 - a. Kali cilik
 - b. Kali gehde
 - c. Kali Cilik Ngarep Omahku
 - d. Kali Gedhe Ngarep Omahku
10. Sapa panulise **geguritan kali cilik ngarep omahku**?
 - a. Eko yulianto
 - b. Antologi cerita cekak

- c. Eko Nuryono
 - d. Kongres Sastra Jawa
11. Pesen moral kang bias kadhudhut saka geguritan kasebut yaiku ...
- a. Ora apa – apa kali kena polusi
 - b. Limbah pabrik diguwak ing kali ora apa-apa
 - c. Kali kang akeh limbahe bias nyehatke awak
 - d. Kali resik lan bening bias gawe ayeme ati
12. Ing geguritan *kali cilik ngarep omahku* kepriye kahanane kali nalika iseh cilik?
- a. Kebak limbah
 - b. Resik lan bening
 - c. Kebak lendut
 - d. Kebak lumut
13. Sandhangan aksara jawa sing unine *o* yaiku ...
- a. Taling tarung
 - b. Wulu
 - c. Suku
 - d. Pepet
14. Simbah lunga ning pasar. Ukara kasebut yen disalin dadi basa krama alus yaiku ...
- a. Simbah kesah dateng peken
 - b. Simbah tindak dateng peken
 - c. Simbah rawuh dateng peken
 - d. Simbah menyang pasar
15. Bapak tindak dateng Surabaya. Aku ... menyang Surabaya.
- a. Tindak
 - b. Rawuh
 - c. Lunga
 - d. Dahar
16. Budhe punapa sampun dahar?
Ukara kasebut migunakake basa ...
- a. Krama alus
 - b. Krama lugu
 - c. Ngoko lugu
 - d. Ngoko alus
17. Tembung sekolahku yen ditulis aksara jawa sing bener yaiku ...
- a. 
 - b. 
 - c. 

d. ꦱꦺꦤꦺꦁꦠꦺꦠꦸꦭꦁ

18. Dadi bocah aja dawa tangane. Tegese dawa tangane yaiku ...

- a. Seneng tetulung
- b. Seneng jupuk sing dudu dhuweke
- c. Seneng ngrewangi
- d. Seneng njajakne

19. Omahe Bagas adoh, dene sekolahe Rini ...

- a. Jero
- b. Tebih
- c. Cedhak
- d. Amba

20. ... sing didawuhi nggawa buku?

- a. Apa
- b. Sapa
- c. Kepriye
- d. Ana ngendi

21. Rina ... Bu Guru nabung.

- a. Dikongkon
- b. Ditimbali
- c. Didawuhi
- d. Dikengken

22. Aksara jawa ing ngisor iki sing unine ka yaiku ...


- a. ꦭꦒ
- b. ꦭꦁ
- c. ꦭꦶ
- d. ꦭꦏ

23. Gamelan sing carane ngunekake kanthi disebul yaiku ...

- a. Rebab
- b. Kendang
- c. Suling
- d. Gong



24.

- Gambar kasebut arane ...
- Gamelan
 - Piano
 - Drum
 - Suling
25. Wakul iku kanggo wadah ...
- Beras
 - Sega
 - Janganan
 - Jajan
26. Saben pekarangan **omah** penduduk ana sumber banyune. Sumber-sumber mau ora mung sumber banyu tawa kang bening seger, nanging uga sumber banyu panas. Tembung omah sing ana ing punggelan wacan ing ndhuwur iku, dasanamane ...
- Sendhang
 - Tlatah
 - Marga
 - Bale
27. Ing ngisor iki sing kalebu ukara pitakon yaiku ...
- Jupukna buku tulis kae!
 - Sapa sing nandur kembang?
 - Bagas tuku buku tulis.
 - Iki mangsa rendeng
28.  Aksara jawa kasebut unine ...
- Tuku suku
 - Tuku sepatu
 - Tuku buku
 - Tuku sapu
29. Pak Bagus aturana ... wedang kopi.
- Ngombe
 - Dhahar
 - Maem
 - Ngunjuk
30. Ing ngisor iki sing kalebu jinise palapendhem yaiku ...
- Tela
 - Semangka
 - Jeruk
 - Pelem